

Alèt kominotè: Arestasyon Imigrasyon nan Ayewopò yo

18 desanm 2025 [mizajou 8 jiyè 2026]

Nou tout ta dwe kapab vwayaje pou n al vizite moun nou renmen yo epi pou n eksplòre nouvo kote. Men kounye a, Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ap vize imigran yo nan nouvo fason ki nwizib. Vwayaje atravè ayewopò Ozetazini ka gen risk ladan l, menm si ou gen yon estati imigrasyon legal aktif oswa ki annatant epi/oswa ou te vwayaje san pwoblèm nan tan pase. Se poutèt sa li enpòtan kounye a plis pase anvan pou w konnen dwa ou genyen yo ak kijan pou w prepare w pou risk ki ka prezante lè w ap vwayaje.

Resous sa a bay konsèy sou sekirite pandan moun ap vwayaje ak lòt resous sou fason pou konprann risk yo epi pou prepare w oumenm ak fanmi ou.

Avètisman: Resous sa a bay enfòmasyon jeneral. Se pa konsèy legal ki espesifik pou sitiyasyon w lan. Nou rekòmande pou manm kominote yo pran prekosyon epi pale ak yon avoka imigrasyon sou ka endividyèl yo.

Kisa k ap pase

Administrasyon Sekirite Transpò (TSA), ajans gouvènman an ki responsab sekirite ayewopò yo, ap bay Ajans Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) enfòmasyon sou pasaje yo. Sa vle di yo ka arete oswa depòte moun ki pa gen estati imigrasyon legal oswa ki gen estati ki ensèten lè y ap pase nan pwen sekirite nan ayewopò Ozetazini.

Kijan sa rive? Kèk fwa chak semèn, [TSA voye bay ICE lis moun](#) k ap pase nan ayewopò Ozetazini. Lis sa yo gen ladan yo [non, foto, ak lòt detay](#). ICE konpare lis sa yo ak pwòp dosye l yo. Si ICE jwenn yon moun yo vle sible, yo ka voye ofisye pou arete moun sa a nan ayewopò a.

Èske enfòmasyon prive mwen pa pwoteje? Nòmalman, ajans gouvènman yo gen [règ sou pataje enfòmasyon prive](#). Men TSA ak ICE tou de fè pati menm depatman an – Depatman Sekirite Enteryè a – kidonk règ sa yo pa aplike nan ka sa a.

Èske ICE gentan ap arete moun nan ayewopò yo? Wi. The New York Times [te rapòte](#) nan dat 12 desanm 2025 la, ke TSA ap pataje enfòmasyon sa a ak ICE. Anvan sa, te deja gen rapò sou arestasyon ICE fè nan ayewopò yo. Pa egzanp, nan dat 20 novanm, ICE te arete yon etidyan inivèsite [Ana Luccía López Belloza](#) nan Ayewopò Logan nan Boston pandan li t ap tann pou l anbake sou yon vòl pou l ale vizite fanmi li pou peryòd Aksyondegras ameriken (Thanksgiving). Li te gen yon ansyen lòd depòtasyon, men li pa t konn sa.

Ki moun ki ekspoze a risk pou ICE arete yo nan ayewopò Ozetazini?

Si ou pa gen papyè oswa ou gen yon estati imigrasyon tanporè, gen yon gwo risk pou yo arete w nan yon ayewopò Ozetazini. Moun ki gen lòd depòtasyon fè fas ak yon risk ki espesyalman wo. Tout moun ki pa sitwayen ameriken fè fas ak kèk risk, sitou moun ki gen estati ki ensèten oswa ki gen faktè risk nou pral dekri la a. Men plis enfòmasyon pou ede w konprann risk ou:

- **Ansye lòd depòtasyon:** Si ou gen yon ansye lòd depòtasyon sou dosye ou, ou gen gwo risk pou yo arete ou. Sa se vre menm si ou pa t konnen ou te gen yon ansye lòd depòtasyon oswa si lòd la te la depi lè ou te timoun. Sa se vre tou si lòd depòtasyon w lan se rezilta yon pwosedi depòtasyon akselere.
 - o Kijan pou w verifye si w gen yon lòd depòtasyon? Si gouvènman an te janm ba w dokiman ki gen yon nimewo “anrejistremant etranje” (A-number), ou ka verifye sou entènèt la lè w itilize [sitwèb](#) Biwo Egzekitif pou Revizyon Zafè Imigrasyon (EOIR) la oswa lè w rele liy asistans dirèk sa a: 1-800-898-7180.

Estat legal ke gouvènman an anile (oswa pral anile byento): Ou gen gwo risk pou yo arete w si ou te gen yon estati legal tanporè, men gouvènman an anile oswa mete fen nan estati sa a, ki gen ladan Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS). Sa gen ladan l moun ki te rantre nan peyi Etazini sou pawòl, men estati pawòl sa a ekspire oswa gouvènman an kanpe pwogram pawòl la. Egzanp ki pi komen yo se moun ki te antre atravè pwosesis Kiben, Ayisyen, Nikaragwayen, ak Venezyelyen (CHNV), Uniting for Ukraine (U4U), ak pwogram CBP One. Gouvènman an te anonse tou dènyèman ke li pral [mete fen nan plizyè pwogram pawòl reyinifikasyon fanmi](#) nan dat 14 janvye 2026 pou moun ki soti Kolonbi, Kiba, Ekwatè, El Salvadò, Gwatemala, Ayiti, ak Ondiras.

- **Aplikasyon ki annatant yo:** ICE ap arete epi mete an detansyon moun menm si yo te soumèt yon aplikasyon pou estati imigrasyon nan peyi Etazini. Sa vle di ou ka an danje pou yo arete w nan yon ayewopò menm si ou deja fè demann pou azil, pou yon grinkat (rezidans pèmanan legal), oswa pou lòt kalite pwoteksyon pèmanan. Sa gen ladan tou demann pou chanje oswa pwolonje estati ou pandan w Ozetazini.
- **Nenpòt dosye kriminel:** Si ou pa yon sitwayen ameriken epi yo te arete w pou nenpòt krim (menm si yo pa t pouswiv ka a), ofisye imigrasyon yo ka eseye arete w.
 - o Lwa sou imigrasyon konsidere sèten sitiyasyon kòm “kondanasyon” menm si yo te di w dosye w la te fèmen oswa yo te retire pledwaye koupab ou a. Pou ka gen konfimasyon sou sa, li pi bon pou w fè yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans nan ka depòtasyon pou egzamine dosye w la.



- **Mon ki gen kat rezidans (grinkat) yo:** Ofisye imigrasyon yo ka toujou arete moun ki gen kat rezidans (grinkat) yo si yo gen kèk kondanasyon kriminel (menm sa ki minè) oswa lòt faktè risk. Yon ka resan nan Kou Siprèm nan pèmèt ofisye imigrasyon yo arete yon moun ki gen kat rezidans (grinkat) k ap retounen apre yon vwayaj entènasyonal sèlman sou baz akizasyon kriminel ki *annatant* oswa sou baz arestasyon. Tanpri [konsilte resous nou sou sijè sa a](#) pou evalye risk ou.
- **Moun ki gen estati DACA ak lòt moun ki gen Aksyon Difere:** ICE kenbe an detansyon plizyè moun ki gen estati Aksyon Difere pou Kèk Moun ki te Rive lè yo te Timoun (DACA). Vwayaje nan yon ayewopò ka gen risk, menm si ou gen estati DACA oswa yon lòt fòm Aksyon Difere. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou DACA, tanpri konsilte [resous Home is Here](#).

Konsèy sou Sekirite pandan Vwayaj

- **Ou dwe konn dwa w genyen yo nan ayewopò a.**
 - Prepare w pou sibi kontwòl siplemantè oswa kesyonman TSA, Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè oswa lòt ajan imigrasyon yo ap inisyè.
 - ACLU a gen [yon resous ki dekri sa ki ka rive](#) epi li eksplike dwa ou si yo kesyone w, epi Just Futures Law gen [konsèy ak sijesyon anplis](#).
- **Pote kopi fizik dokiman enpòtan yo, ki gen ladan:**
 - Prèv estati legal oswa nenpòt aplikasyon ki annatant
 - Kopi sètifye lòd tribinal kriminel yo, si dosye w te fèmen.
- **Sekirize aparèy ou yo (telefòn, òdinatè pòtab, elatriye).**
 - Si w ap vwayaje ak yon telefòn selilè oswa yon lòt aparèy, pran mezi pou diminye chans pou otorite ki ranfòse lalwa yo fouye aparèy la. Pa egzanp, nou rekòmande pou w enprime biyè w la konsa ou pa bezwen louvri telefòn ou lè w ap monte nan avyon an. Ou dwe dekonekte w tou sou kont imèl ou yo.
 - Ou ka jwenn konsèy ki gen plis detay nan men [Freedom of the Press Foundation](#) ak nan men [Just Futures Law](#).
- **Fè yon plan sekirite – jis an ka.**
 - Memorize nimewo telefòn yon avoka ak omwen yon moun pwòch ou ki ka disponib pou reponn apèl sizoka ou ta bezwen èd.
 - Si yo arete w epi mete w an detansyon, ICE pa p pataje enfòmasyon sou ka w la ak pèsounn sof si ou deja siyen [fòm otorizasyon espesifik sa a pou pataje enfòmasyon prive](#). Konsidere siyen youn oswa plizyè nan fòm sa yo epi kite yo ak yon moun pwòch ou, nan ka yo ta kenbe w an detansyon.



- **Konsiderasyon espesyal pou paran yo:**
 - ICE gen yon règleman ki di ke [paran ki an detansyon gen dwa pou pran desizyon sou sa k ap pase ak pitit yo](#). Sepandan, ICE pa toujou swiv pwòp règleman l yo.
 - Yon fason pou pwoteje pitit ou yo se pou mete anplas yon titèl tanporè pou yo pou yon granmoun oswa yon zanmi ou fè konfyans ka okipe yo si yo ta mete w an detansyon. Resous sa a ki soti nan Children Thrive Action Network gen enfòmasyon itil: “[Rete Entèg ak Djanm: Yon lèt ki ekri avèk lanmou pou paran imigran yo \(Staying Whole: A Love Letter to Immigrant Parents\)](#).”

Pou plis resous, tanpri [vizite sit entènèt nou an](#).